УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№10 (13872)

2024 гъэ, мазаем (февралым) и 10, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Унагъуэм и Илъэсым

# Лъапэ махуэ гъэм хачащ

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иту, 2024 гъэр унагъуэм и Илъэсу ягъэуващ. Абы и купщIэр — унагъуэр, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ теухуа къэрал политикэм зегъэубгъун, унагъуэ фIыгъуэхэмрэ уасэншэ хабзэфIхэмрэ жылагъуэм нэхъри щыгъэбэгъуэн, псэукIэр егъэфIэкIуэнращ. Апхуэдэ фIыгъуэхэщ лъагъуныгъэр, зэхуэпэжыныр, зэхуэгущабэныр, нэхъыжь-нэхъыщIэ хабзэхэр хъумэныр, унагъуэ жьэгу мафIэр зэщIэгъэстынымрэ гъэблэнымрэ. А псори унагъуэ быдэм и лъабжьэщ. Унагъуэр къэралым и Iыхьэ нэхъыщхьэу щыткIэрэ, абы елъытыжащ социальнэ зэIузэпэщыныгъэр, щэнхабзэр, экономикэмрэ шынагъуэншагъэмрэ.

Москва ВДНХ-м щекIуэкI форум-гъэлъэгъуэныгъэм и утыкум гуфIэгъуэ дауэдапщэм щIэту, УФ-м и Президентым къызэIуихащ унагъуэм и Илъэсыр икIи жиIащ унагъуэ жьэгу мафIэм и нагъыщэр хэгъуэгу къэс зэрыIэрагъэхьэнур.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и къалащхьэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм мазаем и 7-м щызэхэтащ унагъуэм и Илъэсыр къызэIухыным теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр.

Абы къеблэгъащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, УФ-м и Къэрад Думэм хэт депутат Узденов Солтан, республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, хэгъуэгум и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат, Черкесск къалэм и мэр Баскаев Алексей, УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу КъЧР-м щыIэ Дральщиков Игорь, Правительствэм хэтхэр, депутатхэр, республикэм и районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, динырылажьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, республикэм щыпсэухэр, унагъуэхэр.



ТХЬЭКIУМАШЭХЭ Русланрэ Анетэрэ я унагъуэ быныбэр

— Урысей къэрал уардэр — псоми ди зы унагъуэщ. Мыбдеж щопсэу дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ, лъэпкъкIэ зэмыщхь, щхьэж и хабзэрэ тхыдэрэ зиIэ унагъуэхэр. Унагъуэм ди къэралым гулъытэшхуэ щегъуэт, нэхъри хэхауэ гулъытэ зыхуищIыр быныбэхэращ, СВО-м хэтхэм я унагъуэхэращ.

Иужьрей илъэсым ди республикэм быныбэ унагъуэхэм я бжыгъэм процент 14-кIэ хэхъуащ икIи мин 11-м нэсащ, — и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

АдэкIэ къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ унагъуэхэм, сабийхэм я зыужьыныгъэм теухуауэ мы гъэм зэфIахыну лэжьыгъэм, зэгъэзэхуэжыныгъэхэмрэ ухуэныгъэщIэхэмрэ.

— Шэч къытесхьэкъым, политикэ захуэр, къэрал, власть гулъытэр щхьэпэнущ унагъуэм и Илъэсыр гъерэтыфIэрэ гуащIафIэрэ хъуным. Нэхъыщхьэр, езы унагъуэхэми лъэныкъуэгъазэ замыщIынращ.

Сывохъуэхъу зэIузэпэщыныгъэкIэ, гуфIэгъуэкIэ, хуабагъэкIэ, унагъуэ быдэкIэ, жьэгу хуабэкIэ, пщIэ зэхуэщIыныгъэкIэ! — жиIащ Темрезов Рэшид.



УнагъуэщIэ зэдэзыщIа БЕМЫРЗЭХЭ Зурабрэ Залинэрэ

Хъуэхъу псалъэ гуапэхэм кIэлъыкIуэу, хэгъуэгум и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу ФIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэт гуапэхэмрэ хуагъэфэщащ республикэм щыщ унагъуэ 14-м. Ахэр — «Семья года» Урысейпсо зэхьэзэхуэм и хэгъуэгу зэхьэрхуэрэгъуэ Iыхьэм къыщыхэщахэращ, унагъуэ фIыгъуэхэр хъумэнымкIэ, бын гъэсэныгъэ нэскIэ щапхъэгъэлъагъуэхэращ. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа унагъуэ щапхъэгъэлъагъуэхэм я сатырым хэтщ ди лъэпкъэгъухэри: МыкIытIэхэ Владимиррэ Лизэрэ, ТхьэкIумашэхэ Русланрэ Анетэрэ, нэгъуэщIхэри.

КъинэмыщIауэ, мы гъэм и пэублэу унагъуэщIэ къэзыгъэщIа унагъуэ 12-ми яхъуэхъуащ дяпэкIэ я гъащIэ гъуэгур нэхурэ захуэу щытыну!

УнагъуэщIэ зэдэзыщIахэм ящыщщ тхэн-усэныр зи IэщIагъэ, политикэ, жылагъуэ, хэгъуэгу, къэрал гъащIэм, Iуэхухэм жыджэру хэт, «Черкес хэку» газетым щылэжьа Бемырзэ Зурабрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьа Щомахуэ Залинэрэ. Иджыри, дяпэкIи Бемырзэхэ жэуэ зыхужаIэну унагъуэщIэр щапхъэ зытрах, унагъуэжь быдэрэ къудамэбэрэ хъуну дэри дахуохъуахъуэ!

**ТУАРШЫ Ирэ**





Туризмым и Махуэм

**Москва, ВДНХ-м щекIуэкI «Россия» Лъэпкъыбэ гъэлъэгъуэныгъэ-форумым мазаем и 3-м туризмым теухуа Махуэ хэха щекIуэкIащ. Абы хэтащ Къэрэшей-Черкес Республикэр икIи утыкум кърихьащ хэгъуэгум и турист, тхыдэ-щэнхабзэ зэфIэкIхэр.**

# Утыкушхуэм — ди зэфIэкIхэр

«Республикэм и гъэлъэгъуапIэр купщIафIэт, гъэнщIат нэжэгужагъэкIэ, дахагъэкIэ! Хэгъуэгум и гъащIэм теухуауэ куэд къацIыхуащ ди плIанэпэм къекIуэлIахэм, зыщагъэгъуэзащ и щIыуэпс бейм, и щIыпIэ дахащэхэм, хэплъащ лъэпкъ къафэхэм, щIэдэIуащ макъамэхэм, республикэм и хьэщIэгъафIэ хабзэфIри нэIурыт яхуэхъуащ. Лъэпкъ куэду зэхэт Къэрэшей-Черкесым зэрихабзэу, хьэщIэхэм дигухэр яхузэIухауэ, берычэту дапежьащ», — щитхащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид ТГ-каналым.

Хэгъуэгум и стендым щекIуэкIащ дакIуэ Ажий Заремэ и гъэлъэгъуэныгъэ мастер-класс, уагъэ-щыгъэ идэм хьэщIэхэр ирагъэплъащ, лъэпкъ къафэ псынщIэхэми хашащ.

Гид-экскурсовод Хубиев Щэмил стендым къекIуэлIахэр щигъэгъуэзащ хэгъуэгум и щIыпIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм. А псоми щIэжьууэт Алибеков Алибэчрэ Султанов Мухьэмэднуррэ пшынэм, доулым кърагъэкI макъамэ дахэхэр. ЖыIэпхъэщи, хьэщIэхэр а псоми еплъа, едэIуа къудейкъым, атIэ езыхэри хэтащ Iуэхухэм, я къару къихьым зрапщытащ.

КъинэмыщIауэ, туризмым и Махуэм къриубыдэу 2020-2023 гъэхэм ялэжьар къыздапщытэжа сессие екIуэкIащ. Абы хэтащ УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Чернышенко Дмитрий икIи къыхигъэщащ туризмыр урысей экономикэм и къудамэ нэхъ псынщIэ дыдэу зызыужьу зэрыщытыр. «Туризм къудамэм Президентым гулъытэ хэха хуещI икIи абы зэрызыщIагъакъуэ Iэмал куэд ягъэлажьэ, ухуэныгъэхэр, зэгъэзэхуэжыныгъэхэр, егъэфIэкIуэныгъэхэр гъунэжщ».

Къэрэшей-Черкес Республикэм 2023 гъэм туристу къеблэгъа бжыгъэмкIэ бжыпэр иIыгъщ. Апхуэдэу, илъэс кIуам хэгъуэгум и зыгъэпсэхупIэхэм турист мелуани 2,1-м щIигъу щыIащ. Ар 2022 гъэм елъытауэ процента 10-кIэ нэхъыбэщ.

А махуэ дыдэм «Архъыз» курортымрэ «Руслет» компанэмрэ зэдэлэжьэныгъэ зэгурыIуэныгъэ зэдащIащ. ЖыIэпхъэщи, 2022 гъэм «Руслет»-м инвестицэ проект иригъэжьащ. Абы ипкъ иту гъущI кIапсэ гъуэгухэр яухуэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

Пашагъэ

# Псы къыщIэгъэкIынымкIэ

Минеральнэ псы къыщIэгъэкIынымкIэ Къэрэшей-Черкесым бжыпэр 2023 гъэм иIыгъащ. Абы теухуа хъыбар и телеграм-каналым щитхащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

ФIагъ нагъыщэхэр зэрытрагъэувэ «Честный знак» къэрал бэзым къызэригъэлъагъуэмкIэ, минеральнэ псы икIэнымкIэ 2023 гъэм Къэрэшей-Черкесым иубыдащ пщIэ зиIэ япэ увыпIэр. Псори зэхэту республикэм апщыгъуэм къыщIигъэкIащ минеральнэ псы литр мелуан 531-рэ. Ар литр мелуани 194-кIэ нэгъабэ нэхърэ нэхъыбэщ.

— Мыхьэнэшхуэ иIэщ а гъэлъэгъуэныгъэхэр 2023 гъэм зэрызыIэрыдгъыхьам, сыту жыпIэмэ, а илъэсыр Къэрэшей-Черкесым щагъэувауэ щытащ промышленнэ зыужьыныгъэм и Илъэсу. ЕфIэкIуэныгъэ белджылы хъыболъагъуэ псы лIэужьыгъуэ псори къызэрыщIагъэкIым. «Честный знак» бэзым белджылы зэрищIымкIэ, 2023 гъэм и гъатхэпэм (мартым) къыщегъэжьауэ Къэрэшей-Черкесым псори зэхэту къыщыщIагъэкIащ минеральнэ псы лIэужьыгъуэу хъуам хуэдэу литр мелуан 689-рэ. Ар процент 26,5-кIэ нэхъыбэщ 2022 гъэм и апхуэдэ пIалъэм нэхърэ. А гъэлъэгъуэныгъэмкIэ дэ Урысейм ещанэ увыпIэр, СКФО-м япэр щытIыгъщ. Псори зэхэту хэгъуэгум 2023 гъэм щэхуакIуэхэм яIэригъыхьащ псы литр мелуан 802 –рэ.

Шэч хэлъкъым ди хэгъуэгу предприятэхэм я лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэ псэемыблэж а гъэлъэгъуэныгъэхэм зэрыхалъхьам. Си фIэщ мэхъу ди лэжьакIуэхэм я егугъуныгъэр дяпэкIи къызэрамыгъэлэлэнур. ДяпэкIи абыхэм къапоплъэ гугъапIэщIэхэмрэ ехъулIэныгъэщIэхэмрэ! — щIигъэбыдащ Темрезов Рэшид.

**Зыгъэхьэзырар ПАЩIЭ Хьэдисщ**



Лъэпкъыбэ чемпионат

# Афэрым, «Сэтэней»!

***Мазаем и 4-м Армавир (Ермэлыхьэблэ) къалэм цIыхубэ, лъэпкъ, кавказ къафэхэмкIэ щекIуэкIа «В хороводе наций» Лъэпкъыбэ чемпионатым увыпIэфIхэр къыщилъэщри къытхуеблэгъэжащ къафэмрэ уэрэдымрэкIэ «Сэтэней» цIыхубэ ансамблыр.***

ЧемпионатымкъыпэкIуамкIэ, «У подножья Эльбруса» зи фIэщыгъэцIэу ансамблым утыку ирихьа къафэр фIыщэу къызэращIам къахуихьащ япэ нагъыщэ зиIэ Лауреат саугъэт лъапIэр. Я етIуанэ лэжьыгъэу творческэ зэхьэзэхуэм яша «Юность Черкесии» щIалэгъуалэ къафэм и гугъу пщIымэ, абыкIи Чемпионатым и «Гран-При»-р я насып къиихьащ.

НэхъыфI дыдэу балетмейстер лэжьыгъэр къызэригъэлъэгъуар, къыхиха художественнэ бгъэдыхьэкIэм зригъэужьыну зэрыпылъыр, гъуазджэм фIылъагъуныгъэ зэрыхуиIэмрэ къыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъумрэ, къиIэт къэфакIуэ цIыкIухэр зэхьэзэхуэхэм жыджэру зэрыхуигъэхьэзырыр къыхалъытэри, «Сэтэней» ансамблым и художественнэ унафэщI, КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЛIымаху Анатолий ФIыщIэ тхылъкIэ и цIэр ираIуащ.

Ди гум, ди псэм къабгъэдэкIыу дохъуэхъу апхуэдэ ехъулIэныгъэ дахэ зыIэрызыгъыхьа къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм, дахуогуфIэ абыхэм я адэ-анэхэм, сабийхэр зыгъасэхэм.

ЦIыкIухэм я гъащIэр гъуазджэм щрапхакIэ, абы я псэм и Iыхьэу, хуабагъыу къэфэным халъхьэм дэрэжэгъуэ, гухэхъуэ къариту, ящIэм творческэу тегушхуэу Тхьэм иригъэкIуэкI!

Ермэлыхьэблэ щызэхэта зэхьэзэхуэм къикIыжахэм иджыри зы хъыбарыфI къыздахьащ. Апхуэдэу, «Сэтэней» ансамблым Сертификат кърататщ Белоруссием и къалащхьэ Минск щекIуэкIыну фестивалым зэрыхэтынумкIэ.

**ЛЫХЬ Тимур**

Гъуазджэ

# Концерт пэш

**«ЩЭНХАБЗЭ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа композитор щэджащэ Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ республикэ колледжым къыщызэIуахынущ цIыху 280-м ятегъэпсыхьа виртуальнэ концерт пэш.**

НобэкIэ абы щIагъэувэну оборудованэхэр къэщэхуным и ужь итщ: экран, видеопроцессор, нэгъуэщI-къинэмыщI техникэфIхэр къызэрагъэпэщ.

Пэшыр къызэрызэIуахыу, зыщIыпIи мыкIуэу, къалэдэсхэм нэIуасэ зыхуащIыфынущ дунейпсо сценэм и налкъутналмэсхэм. Абдеж спектаклхэмрэ концертхэмрэ щагъэлъэгъуэнущ эфир зэIухакIи, дисккIэ тхауи.

Мы проектыр псом япэ къадэзыIыгъахэм ящыщщ пианист цIэрыIуэ Мацуев Денис. Апхуэдэ пэшхэм къыщагъэлъагъуэ абы и «Бисы от Генделя до Чайковского» концертыр.

**АБЫКЪУ Къамырзэ**

Пресс-конференц

***Къэрал нэIэмрэ IэщIэ зехьэнымкIэ лицензэ-хуитзыщI лэжьыгъэмрэ езыгъэкIуэкI къулыкъухэр къызэрагъэщIрэ илъэс 55-рэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу, Росгвардием и щIыпIэ Управленэм хэгъуэгум и журналистхэм папщIэ пресс-конференц щрагъэкIуэкIащ.***

# Илъэс 55-рэ ирокъу




ЗэIущIэм и спикеру щытащ республикэм лицензэ-хуитзыщI лэжьыгъэмкIэ и Купсэм и унафэщI, полицэм и полковник Чомаев Эдуард, къэрал нэIэмкIэ щIыналъэ къулыкъум и къудамэм и унафэщI, полицэм и подполковник Атабиев Мыхьэмэт сымэ.

«Лицензэ-хуитзыщI лэжьыгъэмкIэ Управленэм и къудамэхэм я нэIэм щIэтщ уней хъумакIуэ организацэ 23-рэ. Апхуэдэ организацэхэм хабзэм тету IэщэфащIэр зэрызэрахьэр сэтей къащIыну ди къулыкъущIэхэр и ужь щихьэм, къыпэкIуамкIэ, ирагъэкIуэкIа щIэплъыкIыныгъэ 13-м хабзэм имыдэу зыри къыщIагъэщакъым», — къыхигъэщащ Чомаев Эдуард.

Атабиев Мыхьэмэт журналистхэм яхузэпкърихащ федеральнэ къэрал нэIэм Iуэхугъуэу илэжьыр. Хэхауэ абы и гугъу ищIащ ди хэгъуэгум гъэсынрэ гъуэзрэкIэ ягъэплъу ит ухуэныгъэхэм шынагъуэншагъэр нэгъэсауэ къызэрыщызэгъэпэща щIыкIэр.

Пресс-конференцым икIэм хуэкIуэу офицерхэм журналистхэм фIыщIэ хуащIащ илъэс бжыгъэ зэдэлэжьэныгъэ яку зэрыдэлъым папщIэ, я къулыкъущIэгъухэм хъуэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ я IэщIагъэ махуэщIыр къызэрыблагъэм и саулыкъукIэ.

**ЛЫХЬ Тимур**

ЩIэныгъэм и Махуэм

# Адыгэр дызэрыгушхуэ

Урысей Федерацэм цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Черкес, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щIэныгъэхэмкIэ ЩIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий Илас и къуэр ящыщщ лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа ди IэщIагъэлI пажэхэм. Филолог-еджагъэшхуэр ЩIДАА-м и академикщ, Къандурым и цIэр зезыхьэ Дунейпсо саугъэтым и лауреатщ. БакIуум къыфIаща щIыхьыцIэхэм иджыри къахэхъуащ. ИлъэсыщIэм ипэ къихуэу абы къыфIащащ «Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ ЩIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар еджагъэшхуэм къихьащ адыгэ лъэпкъ щIэныгъэм хьэлэлу зэрыхуэлажьэмкIэ. АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат щIыхь дамыгъэр Хъанджэрий Мейкъуапэ къыщритыжащ дыгъэгъазэм (декабрым) и 28-м.

БакIуу Хъанджэрий Къэрэшей-Черкесым хыхьэ Жьакуэ адыгэ жылэжьым 1940 гъэм фокIадэм и 17-м къыщалъхуащ. Абы дэт пэщIэдзэ школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, еджэным щыпищащ Черкесск дэт интернатым, иужькIэ — КъБкъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Студент илъэсхэм къыщыщIэдзауэ къэхутэныгъэхэм дихьэхыу щIэзыдза щIалэщIэр адыгэ литературэм и зэхэлъыкIэм, зыужьыкIэм кIэлъоплъ, куууэ щыгъуазэ зыхуещI, абыхэм ехьэлIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэри зэфIихыу хуожьэ.

1969 гъэм БакIуур хъуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Дунейпсо литературэмкIэ и институту М. Горькэм и цIэр зезыхьэм и аспирант. 1973 гъэм ирихьэлIэу Хъанджэрий игъэхьэзыращ икIи Москва щыпхигъэкIащ «Адыгэ лъэпкъхэм я литературэмрэ абы щIэгъэхуэбжьауэ зэрызиужьымрэ» фIэщыгъэр зиIа и кандидат лэжьыгъэр.

— Си кандидат лэжьыгъэр щызгъэхьэзырым щыгъуэ, Мейкъуапэ сагъэкIуати, КIэрашэ Тембот и унэм секIуэлIауэ щытащ, — игу къегъэкIыж а зэманыр Хъанджэрий. — А адыгэлI щэджащэм и прозэм си къэхутэныгъэм и зэхуэдитIыр хухэсхати, и творчествэм, адыгэ тхыдэм, хабзэм ятеухуа псалъэмакъ купщIафIэ ди зэхуаку дэлъауэ щытащ. КIэрашэм къызжиIахэм ящыщ куэд къысхуэщхьэпауэ зэрыщытар ноби сощIэж...

Хуабжьу хьэлэмэтщ БакIуум и доктор диссертацэри. Адыгэ усыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм ятеухуа а къэхутэныгъэр дунейм къытехьащ 1995 гъэм. Абы пщIэшхуэ щиIэщ щIэныгъэ дунейм. «Адыгэ усыгъэм хэлъ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэмрэ» фIэщыгъэр зиIэ а лэжьыгъэшхуэр лъэпкъ литературэм и теорием и хэлъхьэныгъэ инщ. Еджагъэшхуэхэм къызэралъытэмкIэ, БакIуум и диссертацэм къызэIуех Кавказым щыщу нэгъуэщI къэралхэм щыпсэухэм я литературэм теухуа щIэныгъэм и IыхьэщIэ. Ар тхылъ щхьэхуэу 1994 гъэм Адыгейм къыщыдагъэкIауэ щытащ, а республикэм и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и жэрдэмкIэ. А тхылъращ БакIуум Къандур Иззэт и цIэкIэ щыIэ Дунейпсо саугъэтыр къыщIыхуагъэфэщауэ щытар.



Къэрэшей-Черкес къэрал университетым илъэс 32-кIэ щылэжьащ Хъанджэрий. А зэманым къриубыдэу ар пэрытащ жэуаплыгъэ ин зыпылъ IэнатIэ зыбжанэм: егъэджакIуэ нэхъыжь, доцент, кафедрэм и унафэщI, филологие факультетым и декан, филологие институтым и унафэщI. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, БакIуур лэжьащ ныкъусаныгъэншэу, Iуэхур иригъэфIакIуэу, зригъэужьу.

Илъэс 20 хъуауэ, Хъанджэрий IэщIагъэлI нэхъыжьу, пашэу щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. БакIуум и гъащIэр, дэнэ щIыпIэ щылажьэми емылъытауэ, зэпхауэ екIуэкIыр лъэпкъ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс) литературэр, хэхэс адыгэхэм я литературэр джынырщ, ахэр зи лъабжьэ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIынырщ. А Iуэхугъуэхэм яхьэлIащ абы и къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, статья купщIафIэхэр, монографие щхьэхуэхэр. Апхуэдэу ар жыджэру хэтщ литературэм епхауэ лъэпкъ телевиденэм, радиом къыщызэрагъэпэщ нэтынхэм. Хъанджэрий и тхыгъэ купщIафIэхэр щIэх-щIэхыурэ къытохуэ лъэпкъ газетхэмрэ журналхэмрэ. Зытепсэлъыхьым ар хуабжьу зэрыхуэIэзэр къагъэлъагъуэ тхылъыщIэхэм, диссертацэхэм, авторефератхэм папщIэ итх рецензэхэмрэ тхыгъэхэмрэ. ПщIэшхуэ хуащIу, еджагъэшхуэр хагъэхьащ КъБкъУ-м, АкъУ-м диссертацэхэр щыпхагъэкI я советхэм.

Литературэм ехьэлIа щIэныгъэхэр хэIущIыIу щIыным емышу дапщэщи хущIокъу БакIуу Хъанджэрий. Ар — зи Iуэху еплъыкIэрэ гупсысэ щIэщыгъуэрэ зиIэ щIэныгъэлIщ. Адыгэ хабзэр, анэдэлъхубзэр хъумэным, лъэпкъым къыдекIуэкI щэнхабзэ лъагэр гъэбэгъуэным зи гуащIи гъащIи щхьэузыхь хуэзыщI адыгэлI щыпкъэм дохъуэхъу нобэ хуэдэу жыджэру, гуащIафIэу куэдрэ псэуну! Апхуэдэхэращ лъэпкъыр зыгъэлъапIэри зыгъэдахэри.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ, «Адыгэ псалъэ» газет**

Хэкупсагъэ

# Хэкур хъумэныр зи къалэнхэр



ХабзэфI хъуауэ, илъэс къэс ди къэралым щрагъэкIуэкI щIэблэр хэкупсэ-лъэпкъыпсэу гъэсэным теухуа мазэ лэжьыгъэ — «Месячник оборонно-массовой работы» фIэщыгъэцIэр иIэу. Абы къызэщIрагъэубыдэ курыт еджапIэхэр, абыхэм щеджэ еджакIуэхэр, егъэджакIуэхэр. Мазэ лэжьыгъэр икъукIэ купщIафIэу къызэрагъэпэщ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр хагъэхьэ. А псори ягъэзэщIэн папщIэ, мазэ лэжьыгъэр Iыхьэ-Iыхьэу ягуэшыжри, дэтхэнэри хэхауэ зы Iуэхугъуэм, зы псалъэмакъым теухуауэ ирагъэкIуэкI.

Мыпхуэдэ хэкупсэ-лъэпкъыпсэ щIэнгъуазэ акцэм и купщIэр — ныбжьыщIэхэм къэралым и тхыдэм ехьэлIауэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр, я зэфIэкIхэр, къулыкъум зэрыхуэгъэщIар, я зэчийхэр убзыхунращ, нэхъри зайгъэужьынращ.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и еджакIуэхэр, еджапIэ къэс зыхэт мазэ лэжьыгъэр мы гъэм щIышылэм и 24-м щIидзащ. Ар екIуэкIынущ «Есть такая профессия — Родину защищать!» щхьэщIэдзапIэм щIэту.

Ипэм щегъэжьауэ, хуабжьу зэдэхъуу зэдащтауэ, лэжьыгъэшхуэ курыт еджапIэхэм къыщызэрагъэпэщащ. Нэхъыщхьэращи, дэтхэнэми еджакIуэхэр жыджэру хэтщ, холэжьыхь, ящIэр я гум зэрыдыхьэр, я псэр зэригъэпIейтейр нэрылъагъу къащIу. Апхуэдэ щытыкIэм къыдоуш я Хэкум, я хэгъуэгум хуаIэ фIылъагъуныгъэмрэ гушхуэныгъэмрэ, апхуэдэ щIалэгъуалэращ дяпэкIэ къэралым, лъэпкъым и цIыху щыпкъэхэр къызыхэкIыр.

Щапхъэу къэтхьынщ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм сыт щыгъуи жыджэру икIи гуащIафIэу хэт, Черкесск и курыт еджапIэхэм языхэз, зи №18 гимназиер. Дерсым щаджар щIагъэбыдэжу, еджакIуэхэмрэ я егъэджакIуэхэмрэ ирагъэкIуэкIащ Сталинград къалэ-лIыхъужьым, Кавказ щхьэдэхыпIэхэр зыхъумахэм я лIыхъужьыгъэм, Хэку зауэшхуэм хэта медсестрахэм, Мамай Iуащхьэм, нэгъуэщI куэдми теухуа пшыхьхэр. Апхуэдэу, еджапIэм щригъэкIуэкIагъэххэщ тхыдэм, къэралым и щIыхьыр зыхъумахэм, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм, блэкIам щIэблэр фIыуэ щыгъэгъуэзэныр зи купщIэ зэхыхьэхэр: «Дни воинской славы России. Сталинград», «Непокоренный Сталинград», «Мамаев курган —главная высота России», «Сёстры милосердия — ангелы земные», «Мы — наследники Победы», «Живая память сердец», нэгъуэщIхэри.

Дауэ гулъытэншэу къэгъэнэнт я еджапIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа, тхыдэмкIэ егъэджакIуэ, интернационал къалэнхэр Мысырым (Египетым) щызыгъэзэщIа, хэкупсэ-лъэпкъыпсэ гъэсэныгъэм гулъытэ хэха хуэзыщIу щыта Данильченко Юрий Леонидович!? «Хэкур хъумэным нэхъ щIыхь зыпылъ IэщIагъэ щыIэкъым!» — жиIэрейт абы. Ар мы еджапIэм и гъуазэу, щеджэхэми дерс яхуэхъуауэ, зэIэпах, лэжьыгъэр, абыкIи щапхъэгъэлъагъуэщ.

Гимназием и класс къэс зегъэхьэзыр, я лэжьыгъэхэр тхьэмахуэ къэс утыкум кърахьэ. ХьэщIэхэри къахуоблагъэ. Апхуэдэу, иджы дыдэ я пащхьэ зыкъыщагъэлъэгъуащ республикэ филармонием и артистхэм, къахуеблэгъащ «Авангард» купсэм и гъэсэнхэр, «Юнармие» зэгухьэныгъэм хэтхэр, нэгъуэщIхэри.

«Есть такая профессия — Родину защищать!» цIыхубэ зыхъумэжыныгъэ акцэм адэкIи пещэ, щIалэгъуалэм и хэкупсэ-лъэпкъыпсэ гъэсэныгъэфIым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIу.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Черкес хэку 100

*«Черкес хэку»-м и илъэси 100-м хуэкIуэу, хабзэфI етшэжьам и лъагъуэм дытету адэкIэ дыхоплъэ архив тхыгъэхэм.*

*Си щхьэкIэ къэсщтэнщи, 1960-1980 гъэхэм «Шыбжий» щхьэщIэдзапIэм щIэту къытехуэу щыта тхыгъэхэр сфIэтелъыджэщ. Ар ебгъэщхь хъунущ нобэ щIалэгъуалэр фIыуэ зыщыгъуазэ, интернет хъым щылажьэ «ЧП КЧР» социальнэ гупым къралъхьэ тхыгъэхэм. АтIэ, мыбдежым районми, жылагъуэхэми щызекIуэ хъыбархэмрэ, къэхъукъащIэхэмрэ пэжым и нэхъ гуащIэгъуэри утыку къралъхьэу, цIэ-унагъуэцIэхэри щIамыхъумэу къратхэкIт. Зэман куэд текIыжауэ абы уеджэжыныр гъэщIэгъуэныщэщ.*

*Нэхъыщхьэжыр арати, абдежым къыщетхэкIам Iэмал имыIэу къыпэджэжынут, утыку кърахьа ныкъусаныгъэхэр ягъэзэхуэжынут. Хуабжьу Iуэху щхьэпэ илэжьт апщыгъуэм «Шыбжий» рубрикэм.*

**АтIэ, 1963 гъэм, мазаем и 10-м, нобэ хуэдэ махуэу къыдэкIауэ щыта «Черкес пэж» газетым «Шыбжий»-м къытридза тхыгъэм нэIуасэ фыхуэтщIынщ.**

# Зэгугъуэн хуей Iуэхугъуэ




Иджыблагъэ Жьакуэ къуажэм щызэхэтащ пайщикхэм я зэIущIэ. ЗэIущIэм къызэхуэсахэм гукъеуэу рабкоопым хуаIэр къыжаIащ. Пайщикхэм я жагъуэ мэхъу къуажэм сатур хуэмыхуу зэрыщыгъэпсар.

ЦIыхухэр нэхъ зыщIэупщIэ хьэпшыпхэр складхэм щIэлъу, ауэ ар тучанхэм къамышэу куэдрэ къохъу. Иджы къуажэм унэ куэд дащIыхь, ауэ абы епхьэлIэну зырикI къашэкъым.

Рабкоопым и правленэм сыт хуэдизрэ пщэрылъ хуамыщIами, къуажэм тучан дащIыхькъым. Сату щIыпIэм тегъэпсыхьауэ зырикI щыIэкъым. Пайщикхэр тепсэлъыхьащ сатум ныкъусаныгъэу хэлъыр пIалъэ кIэщIкIэ гъэкIуэдыжауэ, цIыхур арэзы щIын зэрыхуейм.

**ШЫБЗЫХЪУЭ М.**

Илъэс 60 текIыжащ мы Iуэхугъуэр къызэрыратхэкIрэ.

АтIэ, нобэ дауэ зихъуэжа Жьакуэ къуажэм и сату Iуэхум, цIыхур арэзы зытехъуэ псэукIэ ягъуэта?

Нобэ къуажэм сату щIапIэу 4 дэтщ, абы ящыщ дэтхэнэми цIыхур зыхуэныкъуэн ерыскъым щыщIэдзауэ, хьэпшып зэхуэмыдэхэм щыщIэкIыжу щIэзу щIэлъщ.

Шэч хэмылъу, мы илъэс бжыгъэм абы и лъэныкъуэкIэ къуажэр ехъулIащ.

Къуажэдэс пайщикхэм сату Iуэхур иджы къафIэмыIуэхужми, иджырей зэманым абы и лъэныкъуэкIэ цIыхур мыарэзыуэ пхужыIэнукъым.



КъинэмыщIауэ, иджырей зэманым тегъэпсыхьа интернет сатущIапIэ лъэрыхьхэм ящыщ «OZON»-ми и лъэр щигъэуващ къуажэ цIыкIум деж.

**ХЬЭТАЙ Мадинэ**

ХадэщIагъэ

# Жыг хадэхэм пылъщ

**Дызэрыт илъэсым Къэрэшей-Черкесым щыхасэнущ щIэгъэпсынщIауэ къэкI мыIэрысей жыг хадэ гектари 100-м нэблагъэ.**

Иужьрей илъэсхэр къапщтэмэ, ди республикэм лъэбакъуэфI ичащ хадэщIагъэ и лъэныкъуэкIэ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар ди лъахэм жьыуэпс хъарзынэрэ щIыпIэ тыншхэмрэ зэриIэ къудейракъым, атIэ Iуэхум фIыуэ хэзыцIыхукI IэщIагъэлI лъэрыхьхэмкIэ дыкъызэрызэгъэпэщаращ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, блэкIа илъэситхум къриубыдэу, ди республикэм и мэкъумэш хъызмэт лэжьакIуэхэм гектар 1143-м щагъэтIысащ илъэс бжыгъэкIэ хъу жыгыщIэ цIыкIухэр. Абыхэм ящыщщ гектар 1041-м щыхаса пхъэщхьэмыщхьейхэр, гектари 102-м — дей жыг лIэужьыгъуэхэр.

Къэрэшей-Черкесым и социально-экономикэ Моделым игъэкIуатэ инвестицэ проектхэм япкъ иту, 2023 гъэми хагъэтIысхьауэ щытащ зэман куэдкIэ кIы семышкIэ хадэхэр (гектар 70-м).

НобэкIэ хэгъуэгум и нэхъ ин дыдэ жыг хадэхэм щагъэкIыр мыIэрысейращ. Нэгъабэ мыIэрысэу зэщIакъуэжащ тонн мин 21,2-рэ. 2018 гъэм щегъэжьауэ республикэм щагъэкI Урысейм и япэ кхъужьей жыг хадэр.

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид мыбы ипэкIэ зэрыжиIащи, я мурадщ 2030 гъэм ехъулIэу промышленнэ хадэхэм я къэухьыр хуэдитIкIэ хагъэхъуэн, гектар минитIым нагъэсын.

Къыхэдгъэщынщи, Темрезов Рэшид и жэрдэмкIэ 2019 гъэ лъандэрэ Къэрэшей-Черкесым хадэ цIыкIухэр гъэтIысынымкIэ ведомственнэ программэ ягъэзащIэ. А программэм храгъэубыдащ району хъуар, дэIэпыкъуныгъэ лъагъэсащ мэкъумэш хъызмэт кооператив 14-м, абыхэм яхэтщ зи хапIэм жыг щызыгъэкI унагъуэ 405-рэ.

«Ди хадэщIагъэр псынщIэу зэрыдгъэкIуатэмрэ зэрызедгъэужьымрэ лъэкIыныгъэ къыдатынущ цIыхухэр пхъэщхьэмыщхьэфIхэмкIэ къызэдгъэпэщыну, хамэ щIыпIэ хъугъуэфIыгъуэхэри дгъэмэщIэну», — и гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ КъЧР-м и Iэтащхьэр.

**ЛЫХЬ Тимур**

Узыншагъэр хъумэн

# Амбулаторэр къызэIуах

Прикубан районым хыхьэ Октябрьскэ жылагъуэм гуфIэгъуэ дауэдапщэм щIэту дохутыр амбулаторэм и бжэр къыщызэIуахащ. Ар яухуащ «Модернизация первичного звена здравоохранения КЧР» программэм ипкъ иту.

А Iуэхугъуэм хэтащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Суюнов Джанибек, узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Шаманов Казим, Прикубан район администрацэм и Iэтащхьэ Семенов Ахъмэт, районым щыпсэухэр.

Мы программэр ягъэзащIэ УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм щIэту 2021 гъэм щегъэжьауэ. IуэхущIапIэщIэр сыт и лъэныкъуэкIи зэтегъэпсыхьащ, лъэкIыныгъэфIхэри яIэщ япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр районым, жылагъуэм щыпсэухэм фIагъ лъагэ иIэу къыхузэрагъэпэщыну, щIэплъыкIыныгъэхэри щрагъэкIуэкIыфыну.

«Жылагъуэдэсхэм мыхъуу, Прикубан районым щыпсэууэ хъуам медицинэ дэIэпыкъуныгъэ здыщагъуэтыфыну IуэхущIапIэфI фиIэ зэрыхъуамкIэ дывохъуэхъу!

Мы илъэсым пытщэнущ а IуэхуфIхэм икIи амбулаторэщIэхэр къыдэувэнущ Домбай, Кичи-Балык, Джага, Счастливэ жылагъуэхэм. Къардэныдж дэт участковэ сымаджэщыр къэдгъэщIэрэщIэжынущ. Зэдгъэзэхуэжынущ Новэ Жэгуэтэ, Коста-Хетагурово, Къубинэ дэт дохутыр амбулаторэхэр. Капитальнэу зэрагъэзэхуэжынущ Псыжь дэт район поликлиникэмрэ Елтыркъэш дэт дохутыр амбулаторэмрэ.

Зэхэту, ищхьэкIэ жыхуэтIа программэм ипкъ иту 2021 гъэм щегъэжьауэ Къэрэшей-Черкесым фельдшер хэщIапIи 9, ФАП-и 4 щыдухуащ, капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэ иращIылIащ зы ФАП-м, участковэ сымаджэщым, дохутыр амбулаторитIым», — щитхащ хэгъуэгум и лIыщхьэм и ТГ каналым.

**Ди корр.**
























Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

*Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ ВакIуэ-Жылэ къуажэм щыщу газетым илъэс зэхуэмыдэхэм къытехуа, сурэт техауэ ди архивым къыхэна теплъэгъуэхэр. Ахэр къытыдодзэ "ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр" рубрикэм щIэту, "Черкес хэку" газетыр илъэси 100 зэрырикъунум ипкъ иту. Сурэтхэм я нэхъыбэр тезыхар илъэс куэдкIэ адыгэ газетым щылэжьа Идрис Назирщ. Зи сурэт зыщтэжыну хуейр, редакцэм фыкъыщIыхьэ.*

Черкес хэку газетыр — илъэси 100

# ВакIуэ-Жылэ къуажэ

































Дзэм еIэзэ дохутырым и Дунейпсо Махуэм

**Мазаем (февралым) и 9-м — дзэм еIэзэ дохутырым и Дунейпсо Махуэщ. Мы лэжьыгъэм пэрыт IэщIагъэрылажьэм иримыхьэлIа цIыху гъуэтыгъуейщ. Арами, дзэIуч дохутырым и пэшыбжэм имыгъэшынэр, абы къыщIэIукI макъхэм зи псэр пимыгъэхур мащIэ дыдэщ. Ауэ, нобэ нэIуасэ фызыхуэтщIыну, дзэм елэжь бзылъхугъэ гуакIуэм зэ ирихьэлIа дэтхэнэри гуфIэу и пэшыбжэм йокIуалIэ.**

# IэщIагъэр псэкIэ къыхэзыха



Гъуэщокъуэ Ленэ илъэс 15-м щIигъуауэ сабийхэм я дзэм еIэзэ дохутырщ. Ар ищхьэ IэщIагъэ нагъыщэ зиIэ, стоматологхэм я Урысейпсо Ассоциацэм и е 2-нэ нагъыщэм и Отличник цIэр къызыхуагъэфэща IэщIагъэрылажьэ нэхъусащ. И IэпщIэлъапщIагъкIэ, бгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ Черкесск къалэм дэт сабий стоматологие поликлиникэм щылажьэхэм я сатырхэм лъэ быдэкIэ хэува дохутыр Iэзэщ.

Ленэ Хьэбэз къуажэм къыщыхъуащ. И адэ-анэ Мусэрэ Мэрянрэ я бынхэр зыщIапIыкIар щIэныгъэмрэ цIыхугъэмрэ зэIэпэгъуу я гъащIэр яухуэнращ. Абы яунэтIа лъагъуэм Ленэ темыкIыу ирокIуэ.

Пщащэ гурыхуэм еджапIэр медалкIэ, Черкесск къалэм дэт медицинэ колледжыр диплом ПлъыжькIэ къиухащ. Ауэ абыкIэ Ленэ къызэтеувыIакъым. Дохутыр хъуныр абы и плъапIэт.

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухыжащ дохутыр IэщIагъэр и Iэрылъхьэу. Iэмал имыIэу и щIэныгъэри и IэщIагъэри зыхуиунэтIыну и гум илъыр сабийхэрат.

— Сабийхэм япха стоматологиер къыхэсхри, зэи абы сыхущIегъуэжакъым. Тхьэшхуэм къысхуигъэфэща, сыкъызыхуэгъэщIа IэщIагъэм сызэрыпэрытыр си фIэщ мэхъу. Си IэщIагъэр творчествэм изогъэщхьри, ар лэжьыгъэу къэслъытэкъым. Си псэр сыт щыгъуэми зэщIэзыIэтэ лъэныкъуэ куэд абы хэлъщ. КъызэкIуалIэ сабийхэм къысхалъхьэ гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ, — гу лъумытэу къанэкъым IэщIагъэрылажьэр и лэжьыгъэм щытепсэлъыхькIэ и нэр къызэригуфIыкIым.

Махуэ къэс сабий пщIы бжыгъэ къыхуашэ дохутырым, хэт дзэ дыжын, хэти Iучын, хэти дзэм къеуэлIа дагъуэр гъэхъужын... Мазэм ар щэ бжыгъэм зэрынохьэс, илъэсым миным! АтIэ, апхуэдиз сабийм псэхугъуэ къахуэзыхь дохутырыр фIыуэ ямылъагъуу хъурэ?! Абы зэ кърихьэлIа сабийр къепхауэ сыт щыгъуэми къыкIэлъокIуэж, дохутырым и бгъэдыхьэкIэмрэ, абы и гуапагъэ-щабагъэмрэ зыхэзыщIа нанухэр чэзу сатырым хоувэ.

— Сабийм и дзэм уеIэзэным ипэкIэ, абы уепсэлъэн, шынэр и гум ибгъэкIын хуейщ. Зэзэмызэ текъузэныгъэ, быдагъэ хэлъу, зэми нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ къахуэбгъуэтмэ нэхъыфIщ. Ар бгъэсабырыныр, абы псалъэ хэха къыхуэбгъуэтыныр ещхьщ психологым и лэжьыгъэм. АтIэ, дызыпэрыт Iуэхур нэгъэсауэ дгъэзэщIэн папщIэ, ди IэнатIэм емыхьэлIа куэдым зыхуедгъэсэн къытхудохуэ, — къыддогуашэ дохутырыр.

И гуащIэдэкI лэжьыгъэм къриубыдэу, Ленэ Iуэхугъуэ куэд, щытыкIэ гъэщIэгъуэн зэхуэмыдэхэм пэщIохуэ зэпыт. Дэтхэнэри псэкIэ зэрызэригъэзахуэм, псоми дерс къызэрыхихыным зэрыпылъым къытхутопсэлъыхь IэщIагъэрылажьэр.

Зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, ар псэкIэ зыхэзыщIэ дэтхэнэми и IэщIагъэр зэрыригъэфIэкIуэнум, зэрызиужьынум сыт щыгъуи пылъынущ. Апхуэдэщ ди псэлъэгъу бзылъхугъэри и лэжьыгъэм зэрекIуалIэр. Ленэ зэманым дэхъуу и IэпщIэлъапщIагъыр зэрыхигъэхъуэным сыт щыгъуи толажьэ. Ар хэтщ зэрызаужь, квалификацэм здыхагъахъуэ егъэджэныгъэхэм.

А псори IэщIагъэрылажьэм и лэжьыгъэмкIэ къыщхьопэ. И лэжьэгъухэм къыхуащI пщIэм къинэмыщIауэ, мызэ-мытIэу Ленэ и IэпщIэлъапщIагъыр къыхалъытащ къэрал нагъыщэ зэхуэмыдэхэмкIи. Апхуэдэу, илъэс кIуам Гъуэщокъуэм къыхуагъэфэщащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и ФIыщIэ тхылъ.

— Дохутырым и дежкIэ нэхъыщхьэр сымаджэм уи ягъэ йомыгъэкIыу, зыгъэгумэщI узыр щхьэщыпхынращ. Уи пэшым къыщIэбэкъуа сабийр гуфIэу щIэбгъэкIыжыныр — ар щытхъу псалъэ псоми я щхьэжщ. Дэ дызыхуэлажьэри аращ, — къыщIегъуж Ленэ.

Сытемыпсэлъыхьын схузэфIэкIынукъым Ленэ лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэм къинэмыщIауэ, къалэм щыпсэу, щылажьэ пэтми, адыгэбзэ дахэ зэрыIурылъым. Ди зэпсэлъэныгъэми хамэбзэ къыхимыгъыхьэу, адыгэбзэ къабзэкIэ шэщIауэ къызэрыдэпсэлъар гухэхъуэт. Ар къыщыхэдгъэщкIэ, Ленэ къыджеIэ я унагъуэм адыгэбзэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэрыратыр. И адэ Мусэ ди газетым и щIэджыкIакIуэ щыпкъэу сыт щыгъуи зэрыщытым, и къуэрылъхухэр лъэпкъыбзэм зэрыдрагъэхьэхыным емышыжу зэрыпылъым Ленэ къытхутопсэлъыхь.

АтIэ, дэри ди гуапэщ ди щIэджыкIакIуэхэм я псэр къэзыхьэху тхыгъэ къыщытеддзэкIэ. Республикэм и медицинэм псэемыблэжу хуэлажьэ, бгъэдэлъ IэпщIэлъапщIагъымкIэ пщIэ къэзылъэща я пщащэм и ехъулIэныгъэхэм дэри унагъуэм дащIыгъуу дрогушхуэ!

Тхьэм дяпэкIи Ленэ и лэжьыгъэкIи, и цIыхугъэкIи и пщIэр лъагэу, и адэ-анэр игъэгуфIэу дунейм куэдрэ тригъэт! Насып защIэ ищI!

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

IэщIагъэрылажьэ

# ПщэфIэным къыхуэгъэщIащ



IэщIагъэ къыщыхэпхым деж нэхъыщхьэр уи гъащIэ псор зэппхыну лэжьыгъэм фIылъагъуныгъэ хуууиIэнращ. Апщыгъуэм дежи угуфIэжу, гукъыдэжыр къобэкIыу, уигу уи щхьэ зэтелъу лэжьапIэм уекIуэлIэнущ, узыдэлажьэхэм гуапэу уапыкъуэкIынущ, пхузэфIэкIам уригушхуэу унэм уекIуэлIэжынущ. Нэхъыщхьэжыр араши, уи щхьэм, уи унагъуэм, уздыдэс къалэмрэ хэгъуэгумрэ щыпсэухэм сэбэп уазэрыхуэхъум уи гур хигъэхъуэнущ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Дауи, зытелэжьэну IэщIагъэр къыщыхихынум а псоми егупсысагъэнт нобэ зи гугъу тщIыну бзылъхугъэр — Бэчхэ Зулифэ. Ди псэлъэгъур Беслъэней къуажэм къыщыхъуащ. ИкIи, зэрысабий лъандэрэ повар IэщIагъэм хуеджэн нэхъ плъапIэ имыIэу къэтэджащ. ЕджапIэр къызэриухыу, Зулифэ и гум ириубыда гуращэм зэрыхуэкIуэну гъуэгуанэм теуващ.

— Мурад быдэ сщIат повар IэщIагъэм сыхуеджэну. СэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ а IэщIагъэм. СызэрегупсысымкIэ, IэфIу, къэуат щIэлъу, ерыскъы зэхуэмыдэхэр къэбгупсысурэ цIыхур и ныбэ изу бгъэшхэныр уасэншэщ! Повар IэщIагъэр зыужьыныгъэм, ефIэкIуэныгъэм пыщIащ, жэщи махуи къэбгупсысыфынущ ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр. Гъуазджэм пыщIа IэщIагъэщ къыхэсхар, — къыддогуашэ Зулифэ.

КъыкIэлъыкIуэуи къыщIегъуж, къыхиха IэщIагъэр егъэджакIуэм ейм хуэбгъадэ зэрыхъунур. «УкъыхуэмыгъэщIамэ — урилэжьэфынукъым», — жеIэ бзылъхугъэ пщафIэм.

ИкIи пэжщ. Зулифэ, шэч хэмылъу, зытелажьэ Iуэхум къыхуэгъэщIащ. Ар къыбгурыIуэнущ мы бзылъхугъэ гуапэм иупщэфI ерыскъы IэфIхэр пIухуа нэужь. Дэтхэнэри узыфIэмыкIыжынщ, ахэр зыгъэхьэзыра бзылъхугъэм IэпщIэлъапщIагъ ин зэрыбгъэдэлъыр зэуэ къыбгуроIуэ!

Абыхэми къыщымынэу, Зулифэ и IэщIагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр къозыгъащIэщ мы бзылъхугъэр зыпэрыта, здэлэжьа IэнатIэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ. Жэуаплыгъэ ин зыхэлъ защIэщ — еджапIэ шхапIэхэм щегъэжьауэ, зи цIэ ину зыгъэIуа шхапIэфIхэм щыщIэкIыжу.

ЗыкIи къехьэлъэкIкъым напIэзыпIэм къызэрымыкIуэ Iэнэ къызэтригъэувэну. Апхуэдэщи, хьэгъуэлIыгъуэхэми, махуэщIхэми Зулифэ ирагъэблагъэ, я Iуэху дахэу яхузэфIех. Апхуэдэ лэжьыгъэр фIагъ лъагэ иIэу зэригъэзащIэм теухуауэ куэд къыщыбжаIэфынущ ди хэгъуэгум дежи, гъунэгъу щIыналъэхэми.

И IэщIагъэм Зулифэ щыхуеджащ Черкесск къалэми, Краснодар дежи. ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыныр къызэринэкIа нэужь, иужьрейуэ здеджа къалэм щылэжьащ. Иужьым, зыщалъхуа, фIыщэу илъагъу и хэку цIыкIум къэIэпхъуэжащ. Къэрэшей-Черкесым къэкIуэжа пщафIэ IэпщIэлъапщIэм и цIэр зэщIалъысащ хэгъуэгум, езыми, зэрысабий лъандэрэ зыщIэхъуэпса IэщIагъэмкIэ цIыхухэм сэбэп къахуихьу, я гукъыдэжым хигъахъуэу лэжьэн щIидзащ. Абы лъандэрэ илъэс бжыгъэ текIыжами, Зулифэ тезашэкъым зэгуэр фIыуэ илъэгъуа, и псэм къыхиха IэщIагъэм.

Псоми хуэмыдэжу Зулифэ къохъулIэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр, лыхэкIхэм, тхьэвым къыхэщIыкIахэр. Мы бзылъхугъэм иупщэфIа ерыскъыхэкI зэ зыIухуар зэпымыууэ къыхуокIуэ ар щылажьэ IуэхущIапIэм. Бэч Зулифэ хуэдэхэм щхьэкIэ «И Iэпэм дыщэ къыпощ» жаIэ.

ЦIыхум сэбэп уазэрыхуэхъумрэ къахуэпхь гуфIэгъуэмрэ Тхьэм мин бжыгъэкIэ гъэбэгъуауэ къыуитыж, Зулифэ!

**Зыгъэхьэзырар ЩОХЪУЖЬ Люсанэщ**









# ТЕЛЕПРОГРАММЭ

мазаем (февралым) и **12-18**

## ПОНЕДЕЛЬНИК 12

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (ног.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Патриоты России». 35-летие со дня вывода войск из Афганистана. (ног.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (ног.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «События недели» (12+)
09:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Принц Сибири» 6 серия (16+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Экономика» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События дня» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Архызский лик» (12+)
22:35 Х/Ф «Полицейский участок» 14 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ВТОРНИК 13

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (черк.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!».**
**В студии участники афганской войны И. Афаунов и А. Макушев. (черк.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Актуальное интервью». Беседа с начальником отдела избирательной комиссии КЧР Е. Джантимировой. (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:35 «Соседи» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Кавказская десятка» (16+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Принц Сибири » 7серия (16+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Мой аул» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Полицейский участок» 14 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## СРЕДА 14

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**14.55-Москва**
**16:30-Местное время. «Древо родовое». (карач.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Песня в подарок». (карач.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:35 «Ваше право» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Спорт тайм» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Экономика» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Принц Сибири» 8 серия (16+)
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Полицейский участок» 15 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ЧЕТВЕРГ 15

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (абаз.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Песни Абазашты». (абаз.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Пульс Республики» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Острый вопрос» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Принц Сибири» 9 серия (16+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Полицейский участок» 16 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

## ПЯТНИЦА 16

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести. Северный Кавказ». Информационный выпуск. (6+)**
**9.15-Местное время. «Специальный репортаж».**
**35 лет со дня вывода советских войск из Афганистана. (0+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия».**
**Семья Пономаревых ст. Зеленчукская. (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Герои нашего времени». Праздничная программа, посвященная Дню защитников Отечества. (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «С чего начинается Родина» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Наша Кухня» (12+)
09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Принц Сибири» 10 серия (16+)
15:30 Д/ф «Кавказ сегодня» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Дежурная часть 09» (12+)
18:55 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Д/П «Волонтеры» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## СУББОТА 17

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». «На пути к вере». Сретение. (0+)**

**АРХЫЗ 24**

08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Архызский лик» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Путешествие Кэрол» (12+)
15:30 Мультфильм «Тима и Тома» (6+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 «Я здесь был» (12+)
18:20 Д/П «Волонтеры»(12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)

## ВОСКРЕСЕНЬЕ 18

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия. События недели». Итоговая информационная программа. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:05 «Архызский лик» (12+)
06:30 «О земном и небесном» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» (16+)
07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры
08:30 «События недели» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Капитальная стройка» (12+)
12:25 «Разговорник» (6+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:30 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Мальчик с пальчик» (12+)
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Экономика» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Эксприенс» (16+)
23:25 «Музыка» (16+)


@CHERKESHAKU
Ди телеграм-канальыр

Черкес хэку

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редакторхэр:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ,
ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

Фщlэн папщlэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2838-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректор ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ